



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Tèm selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang Matènèl ak Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti kreyòl

Depi enstalasyon premye Akademisyen yo nan ane 2014, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) an bay tèt li kòm objektif prensipal pou senk (5) premye ane yo, pou li sansibilize popilasyon sou dwa li genyen pou li sèvi ak lang li, lang kreyòl ayisyen an, toupatou nan sosyete a. Konsa Akademisyen yo defini misyon ki se *“Defans ak Pwomosyon Lang kreyòl ak Dwa lengwistik tout Ayisyen.”*

Jounen Entènasyonal pou pwomosyon lang, se okazyon Akademi kenbe pou li òganize yon seri aktivite, nan Pòtoprens tankou nan pwovens, ki dewoule anba yon tèm santral. Konsa, Akademi an itilize plizyè tèm pou ki pou kadre aktivite yo nan kad selebrasyon Lang matènèl (21 fevriye) ak Lang ak Kilti kreyòl (28 oktòb).

21 Fevriye	Tèm Jounen Entènasyonal Lang matènèl	28 Oktòb	Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti kreyòl
2015	-----	2015	<i>An nou travay pou tout sèvis vin jwenn nou nan lang nou !</i>
2016	<i>Lang nou se nou, pa gen sitwayen san lang !</i>	2016	<i>Mwa oktòb, mwa lang ak kilti kreyòl; Medam, an nou pote kole pou nou vanse ak lang nou !</i>
2017	<i>Lang nou se motè devlopman nou. An nou pote kole pou nou pwodui nan lang nou !</i>	2017	<i>Jèn yo, an nou sèvi ak lang nou tout kote san baboukèt !</i>
2018	<i>Lang manman nan edikasyon: wi. Aprann se konprann !</i>	2018	<i>Tankou tout lang, kreyòl gen règ li, an nou respekte yo !</i>
2019	<i>An nou travay pou kreyòl vin lang ofisyèl peyi a toutbon !</i>	2019	<i>An nou pratike lang kreyòl nou toupatou : nan pale, nan lekti ak ekriti !</i>



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



2020	<i>Respekte Lang Manman timoun yo, se respekte dwa yo!</i>	2020	<i>Lang kreyòl la se gadyen eritaj kiltirèl nou !</i>
2021	<i>Lang manman se zouti devlopman lespri timoun</i>	2021	<i>Lang kreyòl tout kote san fòskote !</i>
2022	<i>Kreyòl, Lang matènèl se chemen kilti ak idantite nou !</i>	2022	<i>Lang kreyòl nan lasyans : wi, n ap vanse!</i>
2023	<i>Lang manman nou, se idantite nou !</i>	2023	<i>Lang kreyòl ayisyen : yon zouti pou devlopman dirab !</i>